



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SOUS POTANSYÈL KONTAMINASYON NEW PALTZ YO IDANTIFYE A

Gouvènè a deplwaye plis pase 40,000 galon dlo fre nan New Paltz apre Avi Pa Bwè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a ke yo idantifye yon sous potansyèl kontaminasyon New Paltz la. Gouvènè a te deplwaye tou plis pase 40,000 galon dlo fre pou sipòte rezidan ak etidyan yo nan New Paltz apre yon avi pa bwè Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ak Depatman Sante Konte Ulster (Ulster County Department of Health).

"Pwoteje sante ak sekirite piblik se prensipal pryorite nou epi avèk sous potansyèl kontaminasyon sa a ke yo idantifye kounye a, travay nou pou restore sistèm dlo New Paltz la epi mete fen ak sityasyon sa a ap kontinye", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kòm sa a rive, nou pral asire ke rezidan yo genyen aksè ak dlo pwòp epi ke kominote a genyen sipò epi aksè ak resous ke li bezwen yo."

Ofisyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la yo ak Vilaj yo te izole kòz pwobab ekla yo obsève sou Rezèvw #4 la akòz yon liy kabiran souterèn ki konpwomèt pou tout sistèm chofaj santral tretman dlo vilaj la. Ekspè Repons pou Devèsman DEC a yo ap sipèviz devlopman ak egzekisyon yon plan netwayaj pou adrese devèsman sa a. Vilaj la kontoune rezèvw sa a pandan ankèt yo sou apwovizyonman dlo potab yo ap kontinye epi ke yo ap analize echantiyon rezilta yo.

Aprè nou te resevwa notifikasyon sou rapò yo, ofisyèl Eta ak lokal yo te kòmanse imedyatman envestige kòz la epi rann dlo boutèy ak potab disponib pou rezidan ki afekte yo jiska nouvèl òd. Pèsonèl DOH a, DEC ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) sou plas nan sant kòmman lan kote yap kontwole sityasyon an aktivman. Anplis de echantiyon yo ke Vilaj la te preleve yo, DOH la ap kolekte echantiyon pou yon varyete analiz ki baze sou tip odè yo. DOH la ap travay avèk ofisyèl lokal yo pou egzekite yon plan pou reyalize yon evakyasyon global dlo a nan sistèm distribisyon vilaj la dekwa pou yo ka leve an tout sekirite epi efikasman avi pa bwè a.

Pi bonè jodi a, operatè santral tretman dlo Vilaj la te dekouvri yon ekla sou youn nan rezèvw Vilaj la yo epi yo te rapidman rapòte sa bay Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la. DEC a imedyatman te reponn alapèl epi li ap ankete sa aktyèlman. Kòm yon prekosyon, nou te plase baraj ak tanpon absòban nan rezèvw a epi Sekouris

Devèsman DEC a pral kontinye rete sou plas pou asire ke yo pwoteje sante piblik ak anviwònman an. Nou pral bay plis enfòmasyon yon fwa yo disponib.

SUNY New Paltz

- SUNY New Paltz te anile tout kou yo apati 3:30pm pou li ka pran anpil prekosyon epi li te bay enstriksyon ak etidyan rezidan yo pou kite kanpis la bò demen midi. Etidyan entènasyonal yo pral rete sou kanpis la.
- De kamyon tank 6700 galon dlo sou plas
- Yon bif 500 galon dlo sou plas
- 24 palèt dlo boutèy sou plas
- Yo ap livre 12 palèt dlo demen

Distri Lekòl Santral New Paltz (K-12)

- Lekòl yo pwograme pou ouvè Mèkredi ak Jedi semèn sa a
- Lekòl yo pwograme pou fèmen vandredi ak lendi pou wikenn fèt la
- Yo te bay lekòl New Paltz yo de jou dlo:
- Senk palèt pou Lekòl Segondè New Paltz (New Paltz High School)
- Twa palèt pou Lekòl Entèmedyè New Paltz (New Paltz Middle School)
- Twa palèt pou Lekòl Elemantè Duzine (Elementary School)
- Yon dezyèm lekòl elemantè genyen dlo pi

Vilaj New Paltz

- Yon Kamyon tank 6700 galon dlo sou plas.
- Twa bif 500 galon dlo sou plas
- Yo ap distribye 25 palèt dlo boutèy
- De tou ekleraj pou itilizasyon sou tank yo
- Distibisyon dlo pou gran piblik la se 8 a.m. rive 9 p.m.

Replen dlo

- Founisè DEC a pral reyalize verifikasyon chak jou sou nivo dlo nan tout bif dlo yo epi ranpli yo jan sa apwopriye pou asire apwovizyonman kontini pou tout rezidan yo

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)